दिन—रविवार

दिनांक—07.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ

अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधान परिषदक नओ सीटक वास्ते होबयवला उपचुनाव लेल काल्हि नामांकनक अंतिम तारीख अछि। प्रत्याशी एगारह जून धरि नाम वापस लऽ सकताह। आवश्यक भेला पर एहि सीट सभ लेल अठारह जून के मतदान होयत आ उएह दिन सांझ मे मतगणना भऽ जायत। एम्हर, एनडीएक घटक दल लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास विधान परिषदक एक सीट लेल पार्टीक कार्यवाहक प्रदेश अध्यक्ष अशरफ अंसारी के उम्मीदवार घोषित कयलक अछि। एहि सँ पूर्व भाजपा आ जदयू चारि—चारि उम्मीदवारक नामक सूची जारी कयने अछि।

---

राष्ट्रीय लोक मोर्चा आलोक कुमार सिंह के पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष बनौलक अछि। आइ पटना मे भेल बैसार मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद उपेन्द्र कुशवाहा ई घोषणा कयलनि। ओतहि, प्रशांत पंकज आ सुभाष चंद्रवंशी के कार्यकारी प्रदेश अध्यक्ष बनाओल गेल। जनखनकि हिमांशु पटेल प्रधान महासचिव बनलाह।

---

आरएसएस प्रमुख मोहन भागवत तीन दिवसीय मुंगेर भ्रमण कार्यक्रम लेल आइ पटना पहुंचलाह। पटना हवाई अड्डा पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, संघक पदाधिकारी आ आनो वरिष्ठ नेता हुनक स्वागत कयलनि। श्री भागवत मुंगेरक सरस्वती विद्या मंदिर मे चलि रहल राष्ट्रीय स्वयं सेवक संघ उत्तर—पूर्व क्षेत्रक दिस सँ आयोजित शिक्षा—वर्ग मे सम्मिलित हेताह।

---

भागलपुर जिलाक विक्रमशीला सेतू पर निर्मित बेली ब्रिज पर आइ सँ परिचालन शुरू भऽ गेल। पथ निर्माण मंत्री इंजीनियर कुमार शैलेन्द्र एकर उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी डॉक्टर नवल किशोर चौधरी समेत आनो पदाधिकारी उपस्थित छलाह। विदित अछि जे पछिला तीन मई के राति मे पुलक एक स्लैब टूटला सँ एहि पर आवाजाही ठप भऽ गेल छल।

---

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एन.टी.ए सोशल मीडिया आ मैसेजिंग प्लेटफॉर्म पर नीट–यूजी दू हजार छब्बीसक पुनर्परीक्षाक प्रश्नपत्र के कथित लीक आ बिक्रीक दावाक खंडन कयलक अछि। एन.टी.ए कहलक अछि जे ई संगठित नकल गिरोह सभक काज अछि। एजेंसी सक्रिय रूप सँ आपत्तिजनक चैनल, खाता आ सामग्री सभ के चिन्हित कऽ संबंधित प्लेटफॉर्मक विरूद्ध तुरंत कार्रवाई करबाक चेतावनी देलक अछि।

---

दक्षिण–पश्चिम मॉनसून के राज्य मे सोलह जूनक बाद प्रवेश करबाक संभावना अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार मॉनसून सामान्य गति सँ बंगालक खाड़ीक अधिकांश क्षेत्र मे आगां बढ़ि रहल अछि। विभाग जनौलक अछि जे दू सँ तीन दिन मे पूर्वोत्तर भाग मे मॉनसून सक्रिय भऽ जायत।

---

प्रदेश मे चक्रवातीय परिसंचरणक प्रभावक कारण मौसम मे बदलावक स्थिति बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला चौबीस घंटा मे बांका, कटिहार आ भागलपुर जिला मे आंशिक बरखा भऽ सकैत अछि। एहि क्रम मे चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलबाक संभावना सेहो बनल अछि।

---

तेल कंपनी सभ चौदह किलोक भानसवला गैस सिलेंडरक मूल्य मे उनतीस टाका वृद्धि कयलक अछि। ओतहि, पांच किलोवला सिलेंडरक मूल्य तीन सय पचहत्तरि टाका सँ बढ़ि कऽ तीन सय छियासी टाका भऽ गेल। नव मूल्य तत्काल प्रभाव सँ लागू भऽ गेल अछि। हलांकि, व्यावसायिक गैस सिलेंडरक मूल्य मे कोनो वृद्धि नहि भेल अछि।

---

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि अछि जे वैश्विक परिस्थितिक कारण भारत सहित संपूर्ण दुनिया मे तेल आ गैस के दाम बढ़ि रहल अछि। श्री सरावगी पटना मे जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक प्रयास आ देशक मजगूत अर्थव्यवस्थाक कारण आन देशक तुलना मे भारत मे गैसक दाम अनियंत्रित नहि भेल अछि।

---

दरभंगा मे बैडमिंटन आकादमी दिस सँ खेलक विकास लेल नओ जून सँ तेइस जून धरि लेल पंद्रह दिवसीय ग्रीष्मकालीन प्रशिक्षण शिविरक आयोजन कयल जा रहल अछि। आकादमीक सचिव विकास कुमार शर्मा जनौलनि जे एहि प्रशिक्षण शिविर मे छओ सँ चौदह वर्षक बालक–बालिका लोकनि भाग लऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

दरभंगा जिला स्थित महाराजी बान्ह के दुरूस्त करबाक निर्देश देल गेल अछि। जिला पदाधिकारीक निर्देश पर अनुमंडल पदाधिकारी सारंग पाणि पांडेय महाराजी बान्हक निरीक्षण कयलनि। बाढ़ि पूर्व तैयारी के लऽकऽ प्रशासन दिस सँ ई पहल कयल जा रहल अछि।

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे शैक्षणिक सत्र दू हजार छब्बीस सत्ताईस लेल नामांकन प्रक्रियाक शुभारंभ समर्थ पोर्टलक माध्यम सँ कयल गेल। विश्वविद्यालयक कुलपति प्रोफेसर लक्ष्मीनिवास पांडेय एहि पोर्टलक शुभारंभ कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त